

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat komunikasi anu mekar di masarakat. Nurutkeun Keraf (dina Yuliarti spk, 2015, kc. 79) salaku alat komunikasi, basa mangrupa sarana pikeun nepikeun maksud hiji jalma. Komunikasi bisa lumangsung lantaran ayana interaksi antara panyatur jeung pamiarsa. Éta kagiatan ngagunakeun basa anu disebut polah ucap “*speech act*”. Polah ucap mangrupa paripolah omongan nu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Lumangsungna polah ucap lantaran ayana kontéks kasang tukang pamahaman anu dipiboga ku panyatur jeung pamiarsa. Sakumaha nu ditétélakeun ku Chaer & Leonie (2010, kc. 50) polah ucap nyaéta gejala individu anu sipatna psikologis jeung lumangsungna ditangtukeun ku kamampuh basa panyatur dina situasi nu tangtu.

Salasahiji wujud basa nyaéta ngaliwatan omongan. Waktu komunikasi, panyatur nepikeun maksud atawa ma’na ngagunakeun wangun omongan nu béda-béda, boh langsung boh teu langsung. Henteu ngan saukur nepikeun omongan, tapi dibarengan ogé sangkan milampah hiji hal. Paripolah basa panyatur dipangaruhan ku kalungguhan jeung masalah anu jadi kasang tukang munculna komunikasi. Ku kituna, polah ucap mangrupa salasahiji aspék nu kudu aya dina tiap omongan, jeung upaya ti panyatur pikeun nepikeun hiji hal ka pamiarsa. Dina ieu hal panyatur kudu bisa ngayakinkeun pamiarsa kana maksud nu bakal ditepikeun.

Polah ucap mangrupa salasahiji analisis pragmatik anu matalikeun kasaluyuan adegan basa jeung makéna basa. Dina ieu panalungtikan, polah ucap ditilik tina segi wanda, fungsi, jeung sipatna. Dumasar kana wandana, aya tilu rupa laku basa nyaéta lakuning ucap (*Locutionary act*), lakuning gawé (*Ilocutionary act*), jeung lakuning rasa (*perlocutionary act*). Dumasar kan pungsina polah ucap kabagi jadi opat, nyaéta komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif. Ari segi sipatna, kabagi jadi polah ucap langsung literal, polah ucap langsung iliteral, polah ucap teu langsung literal, jeung polah ucap teu langsung iliteral (Sudaryat, 2016).

Polah ucap salasihijina kapanggih dina wangun karya sastra. Karya sastra miboga peran penting dina ngamekarkeun basa sarta nepikeun informasi. Pangarang dina nepikeun eusi rasana ngaliwatan omongan dina paguneman saperti dina naskah drama. Naskah drama mangrupa salasihiji karangan tinulis anu eusina carita atawa kisah nu ngagambarkeun kahirupan sarta watek pamaén pikeun kabutuhan drama (Rusyana dina Asmaniah, 2015, kc. 220). Dina naskah drama, dialog antar pamaén mangrupa aspék utama basa anu di jerona ngandung polah ucap. Omongan dina paguneman téks naskah drama miboga maksud jeung tujuan anu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa.

Naskah drama “Mojang Dua Rébuan” mangrupa salasihiji naskah drama basa Sunda karya Dadan Sutisna anu kungsi dipagelarkeun dina Festival Drama Basa Sunda 2016. Ieu drama téh nyaritakeun kahirupan masarakat nu ilahar kapanggih dina kahirupan sapopoé. Paguneman antar tokoh dina téks drama miboga fungsi jeung tujuan anu nimbulkeun éfék ka mitra tutur. Ieu hal ditegeskeun ku Richard (dina Purba, 2011, kc. 81) yén fungsi paguneman téh pikeun ngainterprétasikeun maksud tina polah ucap.

Dina sababaraha dialog naskah drama “Mojang Dua Rébuan”, kapanggih omongan nu miboga ma’na ganda, boh ditepikeun sacara langsung boh teu langsung. Contona aya dina omongan: “*Punten ibu-ibu, kantor désa badé tutup. Tos liwat magrib!*”. Éta omongan kaasup kana polah ucap teu langsung literal. Polah ucap teu langsung literal mangrupa omongan anu dikedalkeun ku modus omongan anu teu luyu jeung maksud kedalingna. Omongan di luhur miboga harti ganda, salian ti ngawawarkeun yén kantor désa rék tutup, ogé ngandung maksud paréntah nyaéta nitah sangkan ibu-ibu nu aya di kantor désa téh mulang. Tujuanna sangkan maksud nu ditepikeun karasa lemes nepi ka jalma nu diajak ngomong téh teu karasa keur dititah.

Ditilik tina conto kalimah di luhur, pesen anu rék ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa katarima kalawan hadé, bisa ogé salah harti luyu jeung posisi pamiarsa nu rék narima informasi. Dina enas-enasna kalimah nu dipaké ku panyatur téh teu karasa asing, tapi situasi pamiarsa anu teu siap narima informasi atawa kawatesanan ku kasang tukang pangaweruh ngeunaan kabasaan ngabalukarkeun

salah ma'na. Ku kituna, polah ucap téh bisa nimbulkeun rupa-rupa ma'na jeung nangtukeun pisan kana hasil henteuna komunikasi basa.

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan Pragmatik, nyaéta élmu anu maluruh harmonis henteuna patalina adegan basa jeung makéna basa, nepi ka kapanggih cara pamiarsa napsirkeun ma'na ti panyatur katut ma'na kontéks situasi (Sudaryat, 2016, kc. 123). Lebah dieu, pragmatik dipaké pikeun nagdéskripsikeun wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

Sawatara panalungtikan ngeunaan polah ucap anu kungsi dilakukeun, di antarana “Tindak Tutur Basa Sunda: Tilikan Pragmatik Kana Ungkara dina Kaos Bobotoh Persib” (Irwansyah, 2013) anu medar ngeunaan wanda jeung pungsi polah ucap dina ungkara kaos bobotoh persib. Aya ogé panalungtikan “Polah Ucap dina Karangan Paguneman Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2016/2017” (Astuti, 2017) anu medar wanda jeung wujud polah ucap dina karangan paguneman siswa. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina sumberna. Sumber dina panalungtikan saméméhna nyaéta ungkara dina kaos jeung karangan paguneman, ari sumber anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama anu judulna “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina lumangsungna komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa. Sabab balukar tina polah ucap bisa nimbulkeun rupa-rupa ma'na. Ku kituna, ieu panalungtika anu judulna “Wujudian Polah Ucap dina Naskah Drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna (Ulikan pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan patali jeung polah ucap dina naskah drama. Hal-hal anu dipaluruh tina polah ucap ngawengku tilu hal, saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wanda polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna?

- b. Kumaha pungsi polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna?
- c. Kumaha sipat polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikawanoh jeung ngadéskripsikeun polah ucap basa Sunda dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. wanda polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna;
- b. pungsi polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna; jeung
- c. sipat polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan pragmatik, hususna polah ucap dina salasihiji karya sastra nyaéta naskah drama.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh sarta pangalaman nu kacida gedéna dina neuleuban polah ucap anu ngawengku wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun ngamekarkeun panalungtikan-panalungtikan satuluyna dina widang pragmatik, hususna ngeunaan polah ucap.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika tulisan dina nyusun ieu skripsi dibagi jadi lima bab, nyaéta nu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina mangrupa tatapakan tiori anu medar ngeunaan tiori nu patali jeung polah ucap, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, jeung analisis ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan sarta rékoméndasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun kahareupna.